ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№201 (23.109) • 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 17, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

### КIУЭКIУЭ Юрий:

## Нэхъыщхьэр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ. Адрей псори псалъэмакъ лейуэ къызолъытэ



КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Аруан районым щаIущIащ а щIыналъэм и унафэщIхэм. Псалъэмакъыр нэхъыбэу зытеухуауэ щытар дызэрыт илъэсым и япэ мазибгъум социально-экономикэ зыужьыныгъэр зэрекIуэкIарщ. IэнатIэ пыухыкIахэм хъарзынэу зэрызаужьыр къигъэлъагъуэри, КъБР-м и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ ику иту ят лэжьапщIэр, апхуэдэу щIыналъэм езым къилэжьыж хэхъуэхэр нэхъыбэ щIын, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэIухын, зи ныбжьыр илъэси 3 - 7-м ит сабийхэр зэкIуэлIэну садхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэн зэрыхуейм. «Нэхъыщхьэр цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнырщ, - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Юрий. - Адрей псори псалъэмакъ лейуэ къызолъытэ».

ЗэIущIэм зэпкъырыхауэ щыхэплъащ муниципалитетым и псэупIэ унэхэр бжьыхьэщIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырам, агропромышленнэ комплексым и зыужьыкIэм, промышленностым и зэфIэкIыр къэIэтынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм, транспортым, гъуэгу хозяйствэм я щытыкIэм, цIыхухэм егъэджэныгъэмрэ медицинэмрэ я Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм, зи Iэпкълъэпкъыр тэмэму къызыдэмыбз цIыхухэр тэмэму щызекIуэфын папщIэ Iуэхущ IапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я унэхэр зэрыхуэщIам. Сабийхэм я творчествэмкIэ унэу Нарткъалэ дэтым и лэжьэкIэр зэрызэрахъуэкIым къемызэгъыу куэд зэрыхэлъым теухуауэ иджыблагъэ тхыгъэ къызэрыIэрыхьам пыщIауэ КIуэкIуэ Ю.А. къыхилъхьащ а IуэхущIапIэм и лэжьэкIэм хуэгъэза жылагъуэ экспертизэ ирагъэкIуэкIыну, адэ-анэхэр, егъэджакIуэхэр, езы еджакIуэхэр Iуэхум зэреплъыр къалъытэну икIи а псоми япкъ иткIэ унафэ тэмэм къащтэну.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Дадэ М. А., район администрацэм и Iэтащхьэ Куэшей А. Д. сымэ къапсэлъахэм едэIуа нэужь, КъБР-м и Iэтащхьэм жиIащ кIэрыхубжьэрыхухэмрэ пхъэнкIиймрэ щелэжь предприятэу Аруан районым щащIыр лажьэу утIыпщыныр къалэн нэхъыщхьэ дыдэу къызэрилъытэр. А Iуэхур и кIэм нагъэсын папщIэ пIалъэу зы мазэрэ ныкъуэрэ яхуигъэуващ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## Республикэм и Iэтащхьэр ветераным йохъуэхъу

**Иджыблагъэ илъэс 90 ирикъуащ тылым и лэжьакIуэ, Нарткъалэ щыпсэу Кулак Антонинэ. Абы теухуауэ ветераным и унагъуэм къыщащта гуфIэгъуэ Iэнэм благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ ящIыгъуу бгъэдэсащ республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.**

АБЫ ЮБИЛЕЙМ ирихьэлIэу УФ-м и Президент Путин В.В. къигъэхьа хъуэхъу тхыгъэр Кулак Антонинэ иритыжащ. «Уэ ди щIалэгъуалэм я дежкIэ ущапхъэщ, сыт хуэдиз гугъуехь умыгъэвами, укъимыкIуэту псори къызэрызэбнэкIам ахэр дэплъеипхъэщ. Узыншагъэ быдэ, ефIэкIуэныгъэ уиIэну, уи гъащIэр кIыхь хъуну сынохъуэхъу. Дэри уэ сыт щыгъуи дыпщIыгъунущ», - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

Кулак Антонинэ ноби жыджэрщ, жылагъуэ лэжьыгъэхэм хэтщ, щIэблэр тэмэму зэригъэсэным хущIокъу.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительстэвмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*





## Кавказ Ищхъэрэм и зыужьыныгъэм теухуа зэIущIэм КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий хэтащ

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Хлопонин Александр** дыгъуасэ ЕсэнтIыгу щригъэкIуэкIащ УФ-м и Президентым 2012 гъэм и накъыгъэ мазэм къыдигъэкIауэ щыта указхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныммкIэ 2025 гъэм нэсыху тещIыхьа къэрал программэщIэмрэ зэрагъэзащIэм теухуа зэIущIэ. Абы хэтащ УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министр **Кузнецов Лев**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэ **Меликов Сергей**, Кавказ Ищхъэрэм и щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэмрэ правительствэхэм я унафэщIхэмрэ, апхуэдэу гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я лIыкIуэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ зэIущIэм щыIащ республикэм и премьер-министр **Мусуков Алий**.

ЗэIущIэм къыщаIэта Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хиубыдэ щIыналъэхэм къыкIэлъыкIуэ гъэм я бюджетхэр зэрагъэхьэзырыр, апхуэдэу 2025 гъэм нэсыху тещIыхьа «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэщIэр.

Къэралым и Президентым накъыгъэ мазэм къыдигъэкIауэ щыта указхэр зэрагъэзащIэм щытепсэлъыхьым, Хлопонин Александр хэхауэ къигъэлъэгъуащ псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза проектхэр адэкIи гъэзэщIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр. «Нобэ къэралым гугъуехь нэрылъагъухэр къылъыкъуокI. Иджыпсту Урысейм и Правительствэм къэрал программэ щхьэхуэхэр игъэтэмэмыжын, абыхэм хухаха ахъшэр къыдигъэхуэн хуей мэхъу. Ауэ а зэман дыдэм дэ къытпэщытщ ди цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным зэпымыууэ дытелэжьэну икIи абы и лъэныкъуэкIэ псоми жэуап пыухыкIа къыдбгъэдохуэ. Апхуэдэу щыщыткIэ, Президентымрэ Правительствэм и УнафэщIымрэ ди пащхьэ кърагъэува къалэнхэр зэрыдгъэзэщIэну щIыкIэм зэщIыгъуу девгъэгупсыс икIи зыхуэфащэ хэкIыпIэхэр дывгъэубзыху», - жиIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэм.

Нэхъ япэIуэкIэ цIыхухэр тепсэлъыхьын папщIэ утыку кърахьауэ щытащ 2025 гъэм нэсыху «Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыныр» къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ Урысей Федерацэм и Правительствэм и унафэм и проектыр. Абы къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ субъектхэм я социально-экономикэ зыужьыныгъэм тещIыхьа программэ къуэдзэ 2016 гъэм щегъэжьауэ а программэм къыхагъэщхьэхукIыну я мурадщ (Ингуш Республикэр хэмыту. А республикэм и зыужьыныгъэр 2016 гъэм нэсыху яунэтIынущ нэгъуэщI федеральнэ программэ щхьэхуэм тету). Апхуэдэу зи гугъу тщIа программэм къыхагъэщхьэхукIынущ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым зегъэужьыным, Кавказ псы хущхъуэхэм хиубыдэу инновацэ медицинэ кластер зэтегъэувэным, инвестицэ проект щхьэхуэхэр щIыналъэхэм щыгъэзэщIэным яхуэгъэза программэ къуэдзэхэр.

*УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IуэхухэмкIэ и министерствэм и пресс-IуэхущIапIэ*



● Нобель и саугъэтыр къэзыхьахэр

## Сыт Алексиевич цIэрыIуэ зыщIар?

**Тхьэмахуэ кIуам Стокгольм къыщагъэнэIуащ литературэмкIэ Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэщар. Ар Беларусь Республикэм щыщ тхакIуэ Алексиевич Светланэщ. Саугъэтыр ятын зэрыщIадзэрэ зыхуагъэфэща цIыхуи 112-м ящыщу Светланэ епщыкIуплIанэ цIыхубзщ. Мы гъэм саугъэтыр швед крон мелуани 8 (доллар мин 953-рэ) мэхъу.**

- СЫЗЫПЭМЫПЛЪА хъыбар гуапэт ар. Апхуэдэм деж япэу узэгупсысыр къыпхуащIа гулъытэм хуэфэщэну адэкIэ упсэун зэрыхуейрщ, - жиIащ Светланэ. Ахъшэр къызэригъэсэбэпынум теухуауэ журналистхэр цIыхубзым щеупщIым, абы къыхигъэщащ саугъэтым и фIыгъэкIэ къыкIэлъыкIуэну и тхылъхэм дуней зэралъагъунур. «Беларус тхакIуэу зыкъэслъытэныр нэхъ сфIэтэмэмщ, ауэ урыс щэнхабзэм сыщIапIыкIауэ жыпIэ хъунущ, сызэрытхэри урысыбзэщ», - дыщIигъуащ абы и псалъэм.

Алексиевич Светланэ къыщалъхуар Ивано-Франковск (Украинэ) къалэрщ, и адэр белорусщ, и анэр украинкэщ. Светланэ и адэр дзэм къыхэкIыжа нэужь, унагъуэр Беларусым Iэпхъуат. 1972 гъэм Светланэ Беларус къэрал университетым и журналистикэ факультетыр къиухащ, «Сельская газета», «Неман» газетхэм щылэжьащ.

ЦIэрыIуэ дыдэ ар зыщIа «У войны не женское лицо» тхылъыр 1985 гъэм дунейм къытехьащ, абы къыкIэлъыкIуащ «Чернобыльская молитва», «Цинковые мальчики» зыфIищахэр.

Алексиевич Светланэ хамэ къэралхэми и тхылъхэр къыщыдэкIащ. 2000 гъэхэм къыщыщIэдзауэ Италием, Франджым, Германием щыпсэуащ. 2013 гъэм Беларусым игъэзэжащ.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

■ ХъыбарыщIэхэр ■ Махуэгъэпс
КЪЭБЭРДЕЙ
■ ТВ, радио нэтынхэр ■ Малъхъэдис

### Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIащIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъун телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

● КъБР-м и Правительствэм

## Мылъкуу диIэмрэ дызыхуеймрэ

**Жэпуэгъуэм и 15-м КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий иригъэкIуэкIащ зи чэзу зэIущIэ. ЗэIущIэм щIэсащ федеральнэ инспектор Глущенкэ Владимир.**

«2016 гъэмрэ къэблэгъэну 2017 - 2018 гъэхэмрэ КъБР-м и республикэ бюджетыр зыхуэдэнум теухуауэ» законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэ КъБР-м и Правительствэм игъэбелджылар къигъэнэIуащ КъБР-м финансхэмкIэ и министр **Лыхь Заур**.

- Бюджетыр программэ щхьэхуэм и мардэхэм тету зэхэгъэуващ, ар пэлъэщынущ игъэзэщIэн хуей къалэнхэм, къытпэщылъ илъэсищым къриубыдэу КъБР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэм тещIыхьауэ щытынущ, Урысей Федерацэм и Президентым и накъыгъэ унафэхэр гъэзэщIа хъун папщIэ. Зи гугъу тщIы пIалъэм къриубыдэу республикэм и бюджетыр сом мелард 24-рэ мелуан 719-рэ мин 418-рэ хъунущ. Дгъэбелджылахэр гъэзэщIа хъун папщIэ сом мелард 26-рэ мелуан 62-рэ мин 657-рэ дыхуеинущ. Федеральнэ мылъкуу къэкIуэнущ сом мелард 11-рэ мелуан 1623-рэ. Социальнэ объектхэр ухуэным сом мелуан 716-рэ, сабий зеиншэхэм псэупIэ къахузэгъэпэщыным сом мелуан 41,4-рэ, мэкъумэш IуэхущIапIэм - сом мелуан 676,6-рэ субсидиеу яIэнущ, - жиIащ абы.

Министрым къызэрыхигъэщащи, бюджетыр нэхъыщхьэу телэжьэнущ цIыхухэм я щыIэкIэ-псэукIэр егъэфIэкIуэным, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ, хьэрычэт цIыкIумрэ ику итымрэ зегъэужьыным. Абыхэм ятекIуэдэнущ псори зэхэту къагъэсэбэпыну мылъкум и процент 75-р - сом мелард 19-рэ мин 549,1-рэ.

КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр **Шагин Сергей** тепсэлъыхьащ Аушыджэр псыхущхъуэхэр тэмэму къэгъэсэбэпыным и Iэмалхэм. А проектым теухуауэ Прокуратурэм къигъэлъэгъуа дагъуэхэр къалъытащ. Псыхущхъуэр къыщыщIэж щIыпIэр хуагъэхьэзыр узыншагъэм щыкIэлъыплъ IуэхущIапIэ зэпэщ ухуэным.

«КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ къэрал бюджет, кIэзонэ, автономнэ IуэхущIапIэхэм я лэжьакIуэхэм я улахуэм» теухуа проектым игъуэтыну зэхъуэкIыныгъэхэм я гугъу ищIащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ министрым и къуэдзэ **КхъуэIуфэ Аслъэн**. Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ IуэхущIапIэхэм щылажьэ дохутырхэм ират улахуэм зэ хэплъэжынущ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ республикэм мылъку къегъэщIыным емыпхауэ, социальнэ унэтIыныгъэ яIэу щылажьэ зэгухьэныгъэхэм ахъшэ етыным теухуауэ Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и Правительствэмрэ зэраухылIа зэгурыIуэныгъэм. Проектыр къэзыгъэнэIуа КъБР-м Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и управленэм и унафэщI **КIурашын Анзор** зэрыжиIамкIэ, абы хухахынущ сом мелуани 9-м щIигъу.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

● Хъыбар гуапэ

## Иджыри щы хохьэ

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и X Конгрессым унафэ зэрыщащIам ипкъ иткIэ, ДАХ-м и КъэпщытакIуэ гупыр хэплъэри, «Мэздэгу адыгэхэм я лъэпкъ щэнхабзэ зэгухьэныгъэр», Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щыIэ «Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу союзыр», Ставрополь щызэхэт «Адыгэхэр» щэнхабзэ центр» жылагъуэ зэгухьэныгъэр ДАХ-м хагъэхьащ.

Зэгухьэныгъэищми я дэфтэрхэр хабзэм йозэгъ, я уставхэм къыщыхьа къалэнхэмрэ мурадхэмрэ Урысей Федерацэм и законхэм я жыпхъэм итщ.

Абы къыхэкIкIэ, Мэздэгу, Черкесск, Ставрополь щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэр ДАХ-м и лэжьыгъэм хэт хъунущ. Абыхэм я тхьэмадэхэу Дербит (Мудар) Валерэ, Уэхъутэ Александр, Шыбзыхъуэ Юрэ сымэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хохьэ. ГъэзэщIакIуэ гупым щылэжьэну я лIыкIуэхэм 2015 гъэм щэкIуэгъуэм и 15 пщIондэ я цIэ-унэцIэхэр къыхахыу ДАХ-м и IуэхущIапIэм къагъэхьын хуейщ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

● Хъуэхъу

## ТIымыжь Хьэмыщэ и махуэ лъапIэ



**КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор ТIымыжь Хьэмыщэ и ныбжьыр илъэс 60 ирикъуащ.**

ТIЫМЫЖЬЫР Тэрч районым хыхьэ Курп Ипщэ къуажэм 1955 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м къыщалъхуащ. 1979 гъэм Хьэмыщэ къиухащ Москва Ломоносовым и цIэр зезыхьэ и къэрал университетым и журналистикэ факультетыр. 2001, 2006 гъэхэм абы и кандидат, доктор лэжьыгъэхэр пхигъэкIащ.

ТIымыжь Хьэмыщэ «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспонденту, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэу, жэуап зыхь секретару, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэу лэжьащ. Мы зэманым ар Гуманитар къэхутэныгъэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэ литературэмкIэ и къудамэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Кавказ Ищхъэрэм ис лъэпкъхэм я IуэрыIуатэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм я унафэщIщ, УФ-м и ТхакIуэхэм, Журналистхэм я зэгухьэныгъэхэм хэтщ, ЩIДАА-м и академикщ.

Хьэмыщэ дохъуэхъу узыншагъэрэ ехъулIэныгъэрэ иIэну.

*«Адыгэ псалъэ» газет.*

## Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 17, *щэбэт***

● **Къулейсызыгъэм ебэныным и дунейпсо махуэщ**
● **США-м щагъэлъапIэ IэфIыкIэхэм я махуэр**
● 1740 гъэм Беринг Витус и унафэм щIэту Камчаткэр къэзыхутэну ежьа етIуанэ гупым Петропавловск-Камчатский къалэм и лъабжьэр ягъэтIылъащ.
● 1902 гъэм Детройт (США) къалэм къыщыщIагъэкIащ япэ «Кадиллак» автомобилыр.
● 1905 гъэм Урысейм и япэ Къэрал Думэр зэхыхьащ.
● 1938 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и УнафэкIэ ягъэуващ «Хахуагъэм папщIэ» медалыр.
● 1945 гъэм СССР-м къыхагъэхьащ Кёнигсберг къалэр, абы къедза щIыналъэхэри щIыгъуу.
● 1961 гъэм Къэрал Кремль Уардэунэр къызэIуахащ. 1992 гъэ пщIондэ абы зэреджэу щытар Съездхэм я Кремль Уардэунэ жиIэущ.
● Маршал, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Гречкэ Андрей** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.
● Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор, ЩIДАА-м и академик **Тохъутэмыщ Хъызыр** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.
● ТхакIуэ, усакIуэ, публицист, ЩIДАА-м и академик, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Котляров Виктор** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
● 1942 гъэм зи хъуреягъыр нэмыцэхэм къаувыхьауэ дыхьэпIи дэкIыпIи зимыIэ Ленинград къыщызэIуахащ Комиссаржевская Верэ и цIэр зезыхьэ театрыр.
● 1967 гъэм «Венера-4» совет хьэрш аппаратыр ЩIым нэхъ пэгъунэгъу дыдэ Венерэ планетэм тетIысхьащ.
● КъБР-м и япэ президенту щыта, къэрал лэжьакIуэ, политик Iэзэ **КIуэкIуэ Валерий** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.
● Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, РАЕН-м и академик, КъБР-м и цIыхубэ дохутыр **ХьэцIыкIу Борис** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.
● КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Емкъуж Лиуан** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
● Америкэм щыщ актёр цIэрыIуэ **Жан-Клод Ван Дамм** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.
● УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Адыгэ псалъэ» газетым жэуап зыхь и секретарь **Гъурыжь Мадинэ** къыщалъхуа махуэщ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 – 10, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 18, *тхьэмахуэ***

● **Ерыскъы промышленностым и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
● **УФ-м и Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ**
● **Азербайджаным и щхьэхуитыныгъэм и махуэщ**
● **США-м щагъэлъапIэ Аляскэм и махуэр**. А хытIыгуныкъуэр 1867 гъэ пщIондэ Урысей империем ейуэ щытащ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 – 11, жэщым градуси 5 - 7 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 19, *блыщхьэ***

● **Лицейм щеджэхэм я урысейпсо махуэщ**
● 1097 гъэм Мономах Владимир Урысейр пщыгъуэкIэрэ гуэшыныр къыхилъхьащ.
● 1812 гъэм Бонапарт Наполеон и дзэр ихъумэн мурадкIэ Москва дэкIыжащ.
● 1943 гъэм стрептомицин антибиотикыр къагупсысащ.
● 1960 гъэм США-м и правительствэм унафэ къищтащ Кубэм сату дэмыщIыным, абы экономикэ блокадэ ещIылIэным теухуауэ.
● 1985 гъэм Мэлбахъуэ Тимборэ и къулыкъум текIащ.
● США-м и етIуанэ президент **Адамс Джон** къызэралъхурэ илъэс 280-рэ ирокъу.
● УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Болотовэ Жаннэ** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.
● Мексикэм щыщ актрисэ, уэрэджыIакIуэ, ди телевизореплъхэми фIыуэ яцIыху **Кастрэ Вероникэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.
● Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЛIыбекъуэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.
● Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыгунэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.
● Америкэм щыщ боксёр цIэрыIуэ, дунейм мызэмытIэу и чемпион хъуа, Олимп джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа **Холифилд Эвандер** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 -17, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**КIуэм и гъуэгу хощI.**

● Зэпеуэхэр

# Псори дяпэкIэщ

**КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым вэсэмахуэ щагъэлъэпIащ социальнэ рекламэм траухуа «Альтернатива» зэпеуэм щытекIуахэр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы гъэм ар етIуанэу екIуэкIащ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и жылагъуэ гъащIэмрэ абы и шынагъуэншагъэмрэ егъэфIэкIуэн, хабзэм къемызэгъ ямылэжьын папщIэ IуэхугъуэхэР егъэкIуэкIын (2013 - 2020)» республикэ программэм хиубыдэу.**

«АЛЬТЕРНАТИВА»-м гупсысэ нэхъыщхьэу щIалъхьар ныбжьыщIэхэр зыIуууэ гугъуехьхэм, я зэхуаку къыдэхъуэ къаугъэхэм, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэм я зэхущытыкIэхэм ехьэлIауэ езы щIалэгъуалэм я Iуэху еплъыкIэр утыку кърегъэхьэнырт, ахэр щымыIэн папщIэ къагъэлъэгъуэф хэкIыпIэхэр къэгъэнэIуэнырт.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къэзанш Людмилэ зэпеуэм щытекIуахэм ехъуэхъуащ икIи фIыщIэ яхуищIащ гудзакъэ яIэу мыхьэнэ зиIэ Iуэхугъуэхэм я гупсысэ къызэрыхалъхьэм папщIэ. «Гъуэгу захуэ фызэрытетым и щыхьэтщ фи лэжьыгъэхэр. Си гуапэт мы Iуэхум щIалэгъуалэ нэхъыбэ къыхыхьэмэ, абы щыгъуэм ди жылагъуэ гъащIэр нэхъыфI зэрыхъунум шэч хэлътэкъым», - жиIащ Къэзаншым.

Зэхьэзэхуэр Iыхьищу гуэшауэ щытащ: «Наружная реклама», «Видеореклама», «Аудиореклама» жиIэу. Япэ Iыхьэм пашэ щыхъуащ «ЩремыIэ щIэпхъаджагъэ!» лэжьыгъэр зэхэзыгъэува Шыбзыхъуэхэ Аслъэнрэ Аминэрэ. Абыхэм я нэгъуэщI зы лэжьыгъэми ещанэ увыпIэр къиихьащ. ЕтIуанэ хъуащ Бэрбэч Хьэмзэт («ТекIуэныгъэм хущIэкъун»).

«Видеореклама» Iыхьэм щытекIуащ Къущхьэ Заремэ. Беслъэн къалэм триухуащ абы и лэжьыгъэр. Экстремизм къэмыгъэхъуныр къыхэщу фильм тезыха Геккиевэ Маринэрэ (етIуанэ увыпIэ) Амщыкъуэ Залинэри (ещанэ) пашэ хъуахэм ящыщщ.

«Аудиореклама» Iыхьэм ЗОЖ, ГТО лэжьыгъэмкIэ Мэкъуауэ Ислъамрэ Хаджиев Ибрэхьимрэ япэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ, етIуанэр Шыбзыхъуэхэ Аслъэнрэ Аминэрэ («Зэгурыlуэныр сыт зищIысыр?») хуагъэфэщащ, «Псори дяпэкIэщ» лэжьыгъэм, Теувэжыкъуэ Мариannэ игъэхьэзырам, ещанэ увыпIэр иратащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# Я щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм яхуозэ

**Урысей Федерацэм и Президентым къалэн къыщищIри, Тезырхэр егъэпшынынымкIэ федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Мэржэхъу Мухьэмэд УФ-м и Президентым и хэщIапIэу республикэм щыIэм я щхьэ IуэхукIэ къекIуэлIахэм щаIущIащ.**

АМАХУЭМ къэкIуахэр нэхъыбэу зыщIэупщIар тутнакъхэм тезырхэр КъБР-м щыIэ УФСИН-м и нэIэм щIэт IуэхущIапIэхэм щапшынынымкIэ, тезырхэр и пIалъэр къэмысу щхьэщахынымкIэ щыIэ Iэмалхэрт.

Мэржэхъу Мухьэмэд зыкъыхуэзыгъэзахэм ягуригъэIуащ ягъэтIысахэр УФ-м и нэгъуэщI щIыналъэхэм щыIэ апхуэдэ дыдэ лъэхъуэщхэм тезырхэр щапшынын папщIэ зэрагъакIуэр Урысей Федерацэм и Уголовнэ-гъэзэщIакIуэ кодексым и 73-нэ статьям зэрыщыубзыхуар, УФ-м и УК-м и 79-нэ статьям и пIалъэр къэмысу къаутIыпщыжынкIэ хъуну тутнакъхэр зэригъэбелджылыр.

Къыхэдгъэщынщи, унафэщIыр цIыхухэм яIуощIэ, абыхэм къатхым, зэрызыкъыхуагъазэм Урысей ФСИН-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэр хэплъэну, унафэ тращIыхьыну хуитмэ.

***КъБР-м щыIэ УФСИН-м и пресс-IуэхущIапIэ.***

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 19 - 30-хэм цIыхухэм зэраIущIэнур

| Махуэр | Сыхьэт бжыгъэр | ЦIыхухэм яIущIэнур | Телефонхэр |
|---|---|---|---|
| Жэпуэгъуэм и 19-м | 10.00 - 13.00-хэм | Бобылёв Валентин Николай и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Канунников Анатолий Данил и къуэр | 77-27-46 |
| Жэпуэгъуэм и 20-м | 10.00 - 13.00-хэм | КIыщыкъуэ Иринэ Музэфар и пхъур | 77-28-44 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Атмурзаев Магомед Мэжид и къуэр | 77-27-46 |
| Жэпуэгъуэм и 21-м | 10.00 - 13.00-хэм | ЖьакIэмыхъу КIунэ Хьэжбарэ и пхъур | 77-27-46 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Зумакулов Асхат Мустэфа и къуэр | 77-28-44 |
| Жэпуэгъуэм и 22-м | 10.00 - 13.00-хэм | Льгов Виктор Валентин и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | ХъуэкIуэн Мурат Хьэзрэталий и къуэр | 77-28-44 |
| Жэпуэгъуэм и 23-м | 10.00 - 13.00-хэм | Мэзло Руслан БетIал и къуэр | 77-47-32 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Абшаев Магомет ТIэхьир и къуэр | 77-28-44 |
| Жэпуэгъуэм и 26-м | 10.00 - 13.00-хэм | Болэт Арсен Хьэбыж и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Дзасэжь Хьэзрэталий Уэлий и къуэр | 77-27-46 |
| Жэпуэгъуэм и 27-м | 10.00 - 13.00-хэм | Къаскъул Владимир ФуIэд и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | КхъуэIуфэ Хьэчим Хьэбас и къуэр | 77-27-46 |
| Жэпуэгъуэм и 28-м | 10.00 - 13.00-хэм | Котляровэ Марие Абрам и пхъур | 77-27-46 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Кульбаев СулътIан Мухьэжыр и къуэр | 77-27-46 |
| Жэпуэгъуэм и 29-м | 10.00 - 13.00-хэм | Маслов Николай Александр и къуэр | 77-28-44 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Этчеев Музэфар Шарабудин и къуэр | 77-27-46 |
| Жэпуэгъуэм и 30-м | 10.00 - 13.00-хэм | Вэрокъуэ Владимир Хъалид и къуэр | 77-27-46 |
| | 14.00 - 17.00-хэм | Сэхъурокъуэ Хьэутий Хьэзрит и къуэр | 77-28-44 |

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хь. А.** IуэхукIэ къекIуалIэхэм яхуозэ бэрэжьей къэс сыхьэти 10.00 - 13.00-хэм (нэхъ пасэу зрагъэтхын папщIэ 77-69-93 телефонымкIэ псэлъэн хуейщ).
КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэхэр цIыхухэм яхуозэ:
**Федченкэ Л. М.** - гъубж къэс сыхьэт 14.00 - 16.00-хэм (телефоныр: 72-07-80);
**Аттаев Ж. Ж.** - махуэку къэс сыхьэт 14.00 - 16.00-хэм (телефоныр: 42-05-20).



● Жэпуэгъуэм и 18-р Гъуэгу хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

# Мыхьэнэшхуэ зиIэ IэнатIэ

**Экономикэр щытыкIэ гугъум щит мы зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгу хозяйствэмкIэ и IуэхущIапIэм къалэнышхуэ къыпэщытщ. Абыхэм ящыщщ бюджет мылъкур зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынымрэ мыхьэнэшхуэ зиIэ объектхэм пыщIа лэжьыгъэхэр и чэзум гъэзэщIэнымрэ.**

КЪАПЩТЭМЭ, апхуэдэщ Гуэл щхъуантIэхэр - Ипщэ Гуэл щхъуантIэхэр автомобиль гъуэгур «Зэрэгъыж» автотурист кластерым пызыщIэ транспорт зекIуапIэр ухуэныр икIи егъэфIэкIуэныр. А лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Зэрэгъыж» автотурист кластер къызэгъэпэщын» инвестицэ проектымрэ 2015 гъэм зэфIагъэкIыну гъуэгу лэжьыгъэхэм я программэм и IуэхукIэ щIышылэ кIуам и 28-м КъБР-м и Правительствэм къищта Унафэ №10-ПП-мрэ зэрыщыубзыхуам тету. «Строй-Гранд» ООО подряд организацэм нобэ ирихьэлIэу щIы щхьэфэр зэтес ищIащ, мы зэман гъунэгъум и лъабжьэр гъэбыдэн щIидзэнущ. Километри 3,024-рэ фIэкIа мыхъуми, технологие и лъэныкъуэкIэ езы ухуэныгъэр гугъущ. Джабэ нэкIухэм кIэщIагъэува блынхэм, къpамыгъэхыу, щIыр зэтраIыгъэнущ. Автомобиль гъуэгур еплIанэ кварталым ятынущ.

Вольнэ Аул - Хьэсэней - Джэрпэджэж автомобиль гъуэгури къызэрыгуэкIкъым. И лъабжьэр тIасхъэщ, ятIагъуэщ, йотIысэхри, и щхьэфэр зэхекъутэ. Къэрал экспертизэм пхыкIа проект-сметэ тхылъым тету гъуэгум йолэжь, иджырей технологиехэмрэ материалхэмрэ къагъэсэбэп. И лъабжьэм абы хуэщIа гъущI хъархэр (сектэхэр) храгъэубыдащ. Псы щIэжыпIэхэр ягъэтэмэмауэ, гъуэгубгъу щIытIхэр кърагъэжыкI, мыгувэу асфальт-бетон зэхэлъыр телъхьэн щIадзэнущ. «Диск Строй» ООО подряд организацэм къалэн щащIащ километрищ хъу автомобиль гъуэгур еплIанэ кварталым ятыну.

Бабугент - Безенги автомобиль гъуэгум километр 12,3-рэ и кIыхьагъщ. Мы гъэм абы мывэ-пшахъуэ зэхэлъхэр тралъхьэнущ. Иджыпсту щIы щхьэфэр ягъэхьэзыр, лъэмыжиплI зэпкърах. Псы щIэжыпIэ 16 къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ, нэпкъхэр ягъэбыдэнущ. «Дорремстрой-1» подряд организацэми а лэжьыгъэр илъэсым и кIэм итынущ.

Прохладнэ - Советскэ автомобиль гъуэгур къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж. Мы гъэм зэфIагъэкIыну гъуэгу лэжьыгъэхэм я программэм и IуэхукIэ щIышылэ кIуам и 28-м КъБР-м и Правительствэм къищта Унафэ №10-ПП-мрэ зэращIылIа къэрал зэгурыIуэныгъэмрэ тету, лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. «Строй-Гранд» ООО подряд организацэм километр 12,67-м гъуэгу лъабжьэр щызэхуигъакIуэри, асфальт-бетон зэхэлъкIэ игъэбыдэжащ. Иджыпсту ар етIуанэу тралъхьэ. Къахуэнэжар километр 1,5-рэщ.

Дей - Курп Ищхъэрэ - Осетие Ищхъэрэ гъунапкъэ автомобиль гъуэгур зэгъэпэщыжыныр япэ ирагъэщ къалэнхэм ящыщщ. «Инстрой» ООО подряд организацэр километри 10-м йолэжь. Мы зэманым гъуэгу щхьэфэр асфальт-бетон зэхэлъкIэ ягъэбыдэ. А лэжьыгъэр километрихым щызэфIагъэкIащ. Мыгувэу етIуанэ телъхьэгъуэм щIадзэнущ.

Мыгъэрей псыдзэм и зэран зэкIа лъэмыжищ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щызэрагъэпэщыж. Километр 71,678-рэ хъу «Нартсанэ - Нарзаныпсхэм я Ауз - Джылы-Су - Iуащхьэмахуэ гъуэгур ухуэныр, егъэфIэкIуэныр и кIэм нагъэблагъэ. Къахуэнэжар дамыгъэхэр тещIэнымрэ и Iуфэр гъэкъэбзэнымрэщ.

Гъуэгу лэжьыгъэхэм я программэр зэрагъэзащIэм къыдэкIуэу, а IэнатIэм и къудамэхэр бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр къапщытэ, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ автомобиль гъуэгуу километр минищым нэблагъэр зехьэныр икIи зэгъэпэщыжыныр зэкIэлъыхьауэ къызэрагъэпэщ, а Iуэхухэр зэрызэфIахым кIэлъоплъ.

Гъуэгур экономикэм и Iыхьэ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ. Аращ а IэнатIэм зегъэужьыным ди республикэм мыхьэнэшхуэ щIыщыхуащIыр. ЕхъулIэныгъэ нэрылъагъухэр яIэу ди гъуэгуухуэхэр я махуэм ирохьэлIэри, дяпэкIи лэжьыгъэ щхьэпэхэр я Iэдакъэм щIэкIыну, я зэфIэкIым хагъэхъуэну ди гуапэщ.

**ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.**




# «Эверест»-р Налшык щагъэлъагъуэ

**Налшык къалэ дэт «Восток» кинотеатрым иджыблагъэ «Эверест 3D» кинофильм гъэщIэгъуэн щагъэлъэгъуащ. КъБР-м и ЩIалэгъуалэ палатэм и жэрдэмкIэ къызэрагъэпэща Iуэхум жылагъуэ лэжьакIуэхэр, студентхэр, нэхъыжьыфIхэр, дуней псом щынэхъ лъагэ бгыхэр къэзыгъэIурыщIахэу Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ Мэз Каринэрэ кърихьэлIат. Фильмым щIимыдзэ щIыкIэ ахэр журналистхэм къепсэлъати, абы къэхъуа Iуэхугъуэхэр и лъабжьэу зэрыщытыр жаIащ.**

- КИНОР зытращIыкIа альпинист цIэрыIуэ Букреев Анатолий си ныбжьэгъуу, Iуащхьэмахуэ зэгъусэу дыдэкIуеяуэ щытащ, - жеIэ Ольмезовым. - Эверест дыщыдэкIуейм гупым и тхьэмадэу къытхэтати, цIыху зыбжанэ псэзэпылъхьэпIэм кърищын хузэфIэкIащ.

Ольмезовыр фильмым щытепсэлъыхьым, игу иримыхьахэри ибзыщIакъым, ауэ, зэрыщыту къапщтэмэ, игу зэрыдыхьар, абы альпинист гъащIэм и лъэныкъуэ куэд къызэщIиубыдауэ къызэрилъытэр жиIащ.

Фильмыр 1996 гъэм Гималайхэм къыщыхъуаращ зытеухуар, гупищ хъууэ Эверест дэкIыну ежьахэм я нэгу щIэкIаращ.

Букреев Анатолий и ролыр фильмым щегъэзащIэ исланд актёр цIэрыIуэ Сигурдссон Эггерт Ингвар.

Исланд режиссёр Кормакур Балтазар фильмымкIэ къыджиIэу къысщыхъуащ щIыуэпсым и къэхъукъащIэм цIыхур зэрыпэмылъэщыр, абы упэув зэрымыхъунур. Фильм нэужьым цIыхухэр зэбгрымыкIыжу, ялъэгъуам тепсэлъыхьу зэрыщытар я нэгу щIэкIар ягу зэрырихьам и щыхьэтщ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтыр* **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Грепплинг

# ПщыхьэщIэр Тыркум щытокIуэ

**Мы махуэхэм Тыркум и Анталье къалэм щекIуэкIащ грепплингымкIэ (бэнэкIэ лIэужьыгъуэ) дунейпсо чемпионат. Абы текIуэныгъэ къыщихьащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам хэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Аллигатор» спорт клубым и бэнакIуэ ПщыхьэщIэ Альберт.**

ЗИ ХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 71-м нэблагъэхэм я гупым и финал зэIущIэм ди лъэпкъэгъум 5:0-у щыхигъэщIащ Къыргъызстаным и бэнакIуэр икIи зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр къихьащ.

Дунейпсо чемпионатым и командэ зэпеуэм Урысей Федерацэм и гуп къыхэхар пашэ щыхъуащ. Дыщэ медаль 13-м щыщу 11-р ди щIалэхэм къахьащ, зы «дыжьынрэ» зы «жэзрэ» дэщIыгъуу.

«Аллигатор» спорт клубым и тренер нэхъыщхьэщ Джырандокъуэ Амир.

● БэнэкIэ хуит

# Шэшэным и Iэтащхьэм и Кубокыр къехь

**Иджыблагъэ Грознэ къалэм щекIуэкIащ бэнэкIэ хуитымкIэ Кадыров Рамзан и Кубокыр къэхьыным теухуа VII зэхьэзэхуэр. Абы щытекIуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Къущхьэ Мурадин.**

ФИНАЛ някъуэ зэIущIэм ди лъэпкъэгъум щыхигъэщIащ нэгъабэ а зэхьэзэхуэм къыщытекIуауэ щыта украин бэнакIуэ Хоцяновский Александр. Дыщэ медалым папщIэ екIуэкIа зэпэщIэтыныгъэм Къущхьэм зы Iэмали иритакъым Мэхъэчкъалэ щыщ Бахмудкадиев Ислъам. Дагъыстэн бэнакIуэр 7:0-у хигъащIэри, Мурадин Кадыровым и Кубокыр зыIэригъэхьащ.

Абы и пэ махуэм зэхьэзэхуэм и дыжьын медалыр къихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым бэнэкIэмкIэ и школым и гъэсэн Мусукаев Исмэхьил.



● Самбэ

# Командэ къыхэхам ираджэ

**Кстовэ къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ самбэмкIэ Урысейм и Кубокыр къэхьыным ехьэлIа зэхьэзэхуэр. Щыбэна хьэлъагъхэм елъытауэ япэ увыпIэхэр къахьащ Бабыгуей Олегрэ (кг 74-м нэблагъэ) Абазэ Ислъамрэ (кг 100-м нэблагъэ).**

ДИ ЛЪЭПКЪЭГЪУИТIРИ самбэмкIэ къэралым и командэ къыхэхам ираджащ икIи 2016 гъэм и гъатхэм Мэзкуу Дунейпсо кубокым щыщIэбэнынущ. ЩIалэхэр ягъасэ Уэщхъун Башир, Ким Руслан, Хьэпай Арэмбий сымэ.

А махуэхэм дыжьын медалыр къихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэн Мэш Рустами (кг 74-м нэблагъэ). Ар хэтащ Карелием хыхьэ Лахденпохье къалэм щекIуэкIа, УФ-м и ФСБ-м и генерал-лейтенант Чуйкин Валентин самбэмкIэ и фэеплъ Урысейпсо зэпеуэм.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

● Футбол

# ХэкIуэдахэр ящыгъупщэркъым

**Иджыблагъэ Хьэмидей къуажэм щекIуэкIащ зи къалэныр зыгъэзащIэу хэкIуэда Ансокъуэ Аскэрбий, ГъукIэпщ Заурбэч, Елъкъэн Къазбэч сымэ футболымкIэ я фэеплъ турнир. Абы хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэхэмрэ къалэхэмрэ я командэ 12.**

ЩIАЛЭХЭМ я ныбжьэгъухэмрэ къадэлажьэу щытахэмрэ къэрахьэжьа зэхьэзэхуэр мы гъэм илъэс епщыкIутIанэ хъуауэ йокIуэкI. Ар къызэгъэпэщынымкIэ сэбэпышхуэ мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ МВД и ОМОН-м и унафэщIхэмрэ Хьэмидей къуажэм и администрацэмрэ.

- Ди ныбжьэгъу хэкIуэдахэм я фэеплъыр дымыгъэкIуэдыныр, абыхэм я унагъуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи щIэгъэкъуэн яхуэхъуныр дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и къалэн нэхъыщхьэщ, - жиIащ КъБР-м щыIэ МВД-м и ОМОН-м и командирым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къуэшырокъуэ Владислав.

«Уи унагъуэм мамырыгъэ ирырелъ» цIыхубэ зэгухьэныгъэм и унафэщI, КъБР-м щыIэ МВД-м и Жылагъуэ советым хэт Шыбзыхъуэ Сэфудин къыхигъэщащ къыдэкIуэтей щIэблэм я гъэсэныгъэм мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм увыпIэшхуэ зэрыщаубыдыр. КъиищынэмыщIауэ, зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтхэмрэ псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ МВД-м и унафэщIхэм, ветеранхэм.

Зэхьэзэхуэм и япэ Iыхьэм хэтхэр гупиплIу гуэшауэ щытащ. Абы щытекIуахэр финал някъуэм нэсащ. Япэ увыпIэм папщIэ зэхэта зэIущIэм щызэпэщIэтащ Тэрч щIыналъэм хыхьэ Урожайнэ къуажэм и «Урожай»-мрэ КъБР-м щыIэ МВД-м и ВОГОиП-мрэ я командэхэр. Зэман хухахар зэрытемыгъэкIуауэ, 0:0-у, иухати, нэхъ лъэщыр пенальтикIэ зэхагъэкIащ. Абы тэрчдэсхэм я кIэн къыщикIащ икIи зэIэпах кубокыр къахьащ.

Ещанэ хъуащ КъБР-м и МВД-м и СОБР-м и командэр.

ТекIуахэмрэ къыхэжаныкIахэмрэ кубокхэмрэ дипломхэмрэ иратащ. ДжэгупIэ губгъуэм нэхъыфIу зыкъыщызыгъэлъэгъуахэм саугъэт лъапIэхэмрэ фэеплъ турнирым и дамыгъэр зытет сувенирхэмрэ хуагъэфэщащ.

Фэеплъ турнирым и къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщI Щамырзей Руслан жиIащ адэкIи зэхьэзэхуэр нэхъ дахэ, екIу зэращIынум зэрыхущIэкъунур.

Ансокъуэхэ, ГъукIэпщхэ, Елъкъэнхэ я лъэпкъхэм я лIыкIуэхэм зэхьэзэхуэр къызэзыгъэпэщахэмрэ абы хэтахэмрэ фIыщIэ хуащIащ, я лэжьыгъэр узыншэу ирахьэкIыну ехъуэхъуащ.

**КЪЭХЪУН Бэч.**






• Тхылъыщ1эхэр

# «Псынэ цIыкIу», «Къуажэхьхэр»

Щоджэн Леонид и «Псынэ цIыкIу», «Къуажэхьхэр» жыхуиIэ тхылъхэр дунейм къытехьащ. Дэ зэрытщIэщи, Щоджэн Леонид и тхыгъэхэм я нэхъыбэр теухуащ къытщIэхъуэ щIэблэм хьэл-щэн дахэ яхэлъу, хэкур, лъэпкъыр, анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу гъэсэным. Абы и усэхэм сабийхэр дахьэх, къеджэгъуафIэщ, гукIэ зэгъэщIэгъуафIэщ.

«Псынэ цIыкIу» тхылъыр топсэлъыхь унагъуэм илъ зэгурыIуэныгъэм, хэкум, псэущхьэхэм, джэдкъазхэм, дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым, къэкIыгъэхэм, дунейм и къэхъукъащIэхэм. ТхакIуэр зытепсэлъыхь литературнэ лIыхъужьыр цIыкIухэрами, псэущхьэу е джэдкъазу щытми, яхэлъ хьэл-щэнхэр, теплъэхэр, гукъинэжщ.

Къуажэхьхэр зыфIэфIхэми ахэр къыщагъуэтэнущ мы тхылъым. «Псынэ цIыкIу», «Къуажэхьхэр» тхылъхэр яхуэгъэзащ еджапIэм щIэмытIысхьа цIыкIухэм е пэщIэдзэ классхэм щеджэхэм. А ныбжьым ит сабийхэр анэдэлъхубзэкIэ усэ цIыкIухэм еджэмэ, нэхъыфIу я бзэм зиужьынущ. «Псынэ цIыкIу» тхылъым усакIуэм куэду хигъэхьащ псалъэрыджэгу-псынщIэрыпсалъэхэр. Абыхэм бзэр шэрыуэ ящI, псалъэ гугъухэр къэпсэлъынымкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу.

УсакIуэм дэтхэнэ и зы усэми гъэсэныгъэ мыхьэнэ «щабэу» щIелъхьэ. Ар гуапэу тхылъеджэ цIыкIухэм усэкIэ, къуажэхькIэ йопсалъэ. Сабий акъыл зэпцIагъащIэм къызэриубыдынкIэ абыхэм хеухуанэ гъащIэм и налъэ плъыфэбэхэр, «баштекъузэ» хэмылъу, атIэ дахэ защIэкIэ, псалъэ купщIафIэхэмкIэ ахэр къыдихьэхыу гъащIэм и гъуэгу захуэм зэрытригъэувэным хущIокъу.

«Псынэ цIыкIу» тхылъым ит усэхэр щIэщыгъуэщ, гъэщIэгъуэнщ, бзэ шэрыуэкIэ гъэпсащ. ТхакIуэм псалъэхэр зырызыххэу къыхищыпыкIыурэ и гум кърихащ, и псэм къигъэщIащ. Дэтхэнэ усэми ритм, рифмэ шэщIа иIэщ. ПыгъэпщIауэ, хэзэрыхьауэ, «хэщхьэрыуауэ» псалъэ лей усэхэм, псынщIэрыпсалъэхэм, къуажэхьхэм укъыщеджэркъым.

Усэм и лъабжьэр, зэтезыIыгъэр, усэм зыхэщIэгъуэу уезыгъаджэр ритмыр аращи, ар щытепщэщ Щоджэным и усэхэм. УсакIуэм куэду къегъэсэбэп метафорэхэр, эпитетхэр, зэгъэпщэныгъэхэр.

Сабий усакIуэм и пащхьэ къиувэ къалэнхэр нэхъ гугъущ. Зи акъылыр жан, зи псэр къабзэ, дэтхэнэ Iуэхугъуэ щIэщыгъуэми нэхъуеиншэу зыхуэзыший сабийр нэхъ хэплъыхьрейщ балигъхэм нэхърэ. Ар къызыгурыIуэ Щоджэным цIыкIухэр дэзыхьэхынщ, яфIэгъэщIэгъуэн хъунщ, гум иубыдэгъуафIэщ я пащхьэм ирилъхьэр. Абы рифмэкIэ зэщIэжьыуэу псалъэхэр адыгэбзэ къулейм къыхещыпыкIри, аращ усэр и гущIэм къыщIитэджыкIыр. Апхуэдэщ абы и дэтхэнэ усэри.

«Псынэ цIыкIу» тхылъым ит усэхэм языхэзми сабийр къыщеджэкIэ и нэгу къыщIигъэхьэфынущ уэшхыпс хуэныкъуэу зызыгъэнщIыжа щIым и псэр зэрытыншыжыр («Уэшх»); жэщ хъуами, мыжеижу, зыгъэпсэху имыщIэу пIащIэу къыпэплъэхэм деж и псыр яхуэзыхь псыежэхыр («Псыр жейркъым»); гъатхэм, уэсыр зэрыткIужу, хущхьэ-щатэу, ныбэнэщIу къэтэджа мыщэжьыр («Мыщэжь»).

Щоджэн Леонид и усэхэм, къуажэхьхэм еджэ сабийр нэгъуэщI дуней къыщыхутэнущ. Балигъхэр еджэмэ, ягъэзэжынущ сабиигъуэм и лъахэм. Абы и усэхэм яхэлъщ лъэпкъ нэщэнэ, къыхощ нэхъыжьым пщIэ хуэщIын зэрыхуейр, фIым хуеущий.

Тхылъхэр къахуэсэбэпынущ адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм. ЩIэблэр гъэсэнымкIэ дэIэпыкъуэгъушхуэ хъунущ.

ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, зи анэдэлъхубзэр къулей сабийм и акъылыр нэхъ жанщ, набдзэгубдзаплъэщ, жыджэр цIыкIущ, нэхъыбэ зригъэщIэну хущIокъу. Ар къызыгурыIуэ Щоджэн Леонид аращ усэбзэкIэ сабийхэм щIепсалъэр.

**ХЬЭГЪЭЖЕЙ Лианэ**,
*КъБЩIКъИ-м адыгэ IуэрыIуатэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ.*

• Теплъэгъуэ


**Бжьыхьэ дыщафэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

• Интернетым дыкъыщоджэ

## КхъухьщIыж

ЛIы бей гуэрым и кхъухьыр иригъэлэну IэщIагъэлI кърригъэблэгъащ. Ар и Iуэхум пэрыхьэри, махуэ псокIэ илащ кхъухьыр, и лъэгуми гъуанэ иIэу къыщIэкIри, ари игъэбыдэжащ. И къалэнхэр зэфIэкIа нэужь, IэщIагъэлIыр къезыджа щIалэм хуэзэщ, фIыщIэ хуищIщ, и лэжьапщIэри иритри иутIыпщыжащ.

ЕтIуанэ махуэм лIыжьым деж къэкIуащ кхъухьыр зей щIалэр.

- Си кхъухьыр зэрыпщIыжам щхьэкIэ мы ахъшэр узот, - жери зэи зэуIуу имылъэгъуа ахъшэ къыIэщIилъхьащ.

- Мыр сытым щхьэкIэ къэпхьа, сэ къэзлэжьар дыгъуасэ къызэптащ, - жеIэ лIым.

- Дыгъуасэ уэстар кхъухьыр зэрыблам и уасэращ, мыр абы иIа гъуанэр зэрыбгъэбыдэжам щхьэкIэщ.

- А мыхьэнэншэм щхьэкIэ апхуэдиз схуэфащэ? Къаруи зэмани текIуэдакъым а зи гугъу пщIым. Абы щхьэкIэ ахъшэ къыпIысхынуи сигу къэкIыххакъым.

- А мыхьэнэншэ жыхуэпIэ Iуэхум си бынхэм я гъащIэр кърригъэлащ. Кхъухьым гъуанэ зэриIэр сщыгъупщэжри, си Iуэху иужь сихьэжащ. Си бынхэр кхъухьым итIысхьэри, хым техьащ. Абыхэм къагъэзэжыну дащыгугъыжакъым си щхьэгъусэмрэ сэрэ, хуабжьу дыгузэващ. Сабийхэр псэууэ хы Iуфэм къыщыIухьэжам уэ куэд къызэрытхуэпщIар къыдгурыIуащ.

• Псалъэ пэжхэр

## Гур жьы хъуркъым

♦Уи благъэ къуитым и дзэ удэмыплъэж.
♦Вы хьэху къозымытынум вы щэгъу ухегъэн.
♦Гур жьы хъуркъым.
♦Псалъэм и пэр умыщIэу и кIэр пщIэркъым.
♦Гур зэрыгъум дыгъур ирокIуэ.
♦Дыщэр къэзыгъуэт кIэншыгъулъэ иредзэ.
♦Къуажэ зиIэ нэф нэхърэ гухъу зыщIыф Iэшэ.

• Хъыбар

# «Фокужьым» и кIуэдыкIар

Еуэри, бжьыхьэхуегъэзэкI хъуауэ, бийри ди щIыналъэм итхужыну тедгъэнэцIыхьауэ апхуэдэт. Апхуэдэ зы махуэу бгыщхьэ гуэр къэдубыдыжауэ зыдгъэпсэхуу дытест. Дытести, йоуэри, приказ къытIэрохьэ: «Бийм фебгъэрыкIуи, и Iэбэронэр фкъутэ!» - жиIэу иту.

Уи къару илъмэ, ар куэдрэ: зыкъыдоIэтри, Iэтакэм докIуэ.

Дежьа щхьэкIэ, куэд дэмыкIауэ, «Фоку» жыхуаIэ нэмыцэ истребителым хуэдэ зым дыкъегъэунэху. Дыкъегъэунэхури, пылимоткIэ къытхэуэурэ хьэлэч дыкъищI щыхъум, сыт тщIэнт - ди пэзицэм къэдгъэзэжащ. Бгы нэпкъ дызэрысым пхъэхуей ин тетт и щхьэкIэр инрэ баринэу, лъагэрэ пшэм хэту. Мы ди щIыпIэхэм къыщыкIыркъым апхуэдэ жыгышхуэ! Апхуэдэ нэхъ къыщыкIыр Урысей пхакIэрщ. Илъэсищэм щIигъуа хъунт а пхъэхуеижьыр! «Фокужьым» зыщыдгъэпщкIун хуей щыхъукIэ, абы и щIагъым дыщIэтIысхьэрти дыщIэст. Сэмэлотми дыкъилъагъуртэкъым, къеухми, жыг щхьэкIэ Iувым шэр къыпхыкIыртэкъым... УщIэсыну хуэдэ щыIэтэкъым, ауэ жыг щIагъым дыкъызэрыщIэкIарауэ, къыздикIари-къыздихуари дымыщIэу, истрибителыр къэсырти, шэ къэуэжкIэ къытхэуэурэ, дыкъыщIихуэжырт. Жыгыр къилъэтыхьурэ дыщIимыгъэкIыу диIыгът. Приказыр срив хъункIэ Iэпаснэ мэхъу. Сэри сызэгуоп. Сызэгуопри, кэмэндирым деж сокIуэри жызоIэ:

- Тэварыш кэмэндир, Iэлъпинистхэр бгы лъагэ бгы задэм дэкIыу плъэгъуакъэ?

- Слъэгъуащ,- жи.- СыттIэ иджы нэхъ узыхуейр абы щхьэкIэ?

- Сызыхуейрат, тэварыш кэмэндир, а Iэлъпинистхэр бгы задэм щыдэкIкIэ кIапсэ быдэ зэраIыгъыр пщIэркъэ?

- СощIэ.

- НтIэ, пщIэмэ, кхъыIэ, апхуэдэ кIапсэ метрэ щитI хуэдиз къысхуэгъуэт! - жызоIэри солъэIу.

- Сыт зэрыпщIынур?

- Плъагъунщ.

Йоуэри кэмэндирыр йожьэри, къысхуегъуэт апхуэдэ кIапсэ быдэ: «мыр зэрищIынур сыт мыбы, и натIэ иримыукIэнумэ?» - жиIэурэ, гъумэтIымэурэ, къехьри къызет. Арати, мо кIапсэ быдэм и кIапэ лъэныкъуэр аркъэным хуэдэу зэрызодзэ, адрей кIапэ лъэныкъуэр пхъэхуей лъэдийм щызогъэлъадэ. Щызогъэлъадэ быдэуи, «Фокум» сежьэу сотIысыж. СщIэр къагурымыIуэу, сэлэтхэри ней-нейуэ къызоплъ. Сэмэлотри къакIуэркъыми, сызэгуоп. Щымыхъужым, сокIуэри кэмэндирым солъэIу:

- ИIэт, дыгъакIуэ Iэтакэ! - жызоIэри.

Кэмэндирым мыарэзымыарэзыуэрэ кэмандэ етри, Iэтакэ докIуэ. Жыг щIагъым дыкъызэрыщIэкIыххэу истрибитилыр къос. Къосри, шэ къэуэжкIэ къытхэуэу щыщIидзэм, кэмэндирым «Нэзат!» - жеIэри къыдегъэгъэзэж.

«Фокум» зэрихабзэжьти, ди жыгыр къиуфэрэзыхьурэ, бгъэм ещхьу, пикировать ищIу щIидзащ. Сэри абы пикировать щищIым ирезгъэхьэлIэри, си аркъэныр згъэкIэрахъуэщ-згъэкIэрахъуэри, здзыщ абыи, сэмэлот етам и пэм фIэзгъэхуащ. Нэмыцэ лотчикым ар щилъагъум, «ыI, саубыд!» - жеIэри, зиIэтыжыну хуожьэ, арщхьэкIэ пхъэхуейм епхащи игъакIуэркъым: еIэху кIапсэр нэхъри щолъадэ. ИтIанэ жыгыр иричынкIэ хъуну Iуэхур абы щынэсым, «Алыхьыр согъэпцI, апхуэдэ жыг дыщэр сеплъу мо бзаджэнаджэм ирезгъэчым!» - жысIэри, кIапсэр субыдщ аби, секъум-сшыхьым, сыкъекъумсшыхьурэ, «Фокужь» плъагъур къеслъэфэхри, дахэ цIыкIуу къэзгъэтIысащ.

Кэмэндирыр гуфIэнтэкъэ?! КъысщытхъуриI, апхуэдэ смекалкэ узэриIэм щхьэкIэ орденышхуэ къуезгъэтынщ жиIэри, тхылъ итхащ. Итха щхьэкIэ, мо зауэ гуащIэм тхылъыр здэкIуар Алыхьым ещIэ - кIуэдащ. КIуэдами, ягъэ кIынкъым: апхуэдэ Iэджэ хэкIуэдащ зауэм. Дэ дыщIэзэуар ордентэкъым - дыщIэзэуар ди щIыр тхъумэжыну арати - тхъумэжащ...

... НтIэ, арати, «Фокужьыр» ямыIэж щыхъум, нэмыцэр щтэри икIуэтыжащ: бетэмал, ди «Фокужь» мыгъуэр диIэжамэ, сыт хъунт, жаIэурэ.

**НАЛО Заур.**

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу***: **5**. Хьэцэпэцэ къэкIыгъэхэм я лъэдий, я жэпкъ. **6**. Совет Союзым и ЛIыхъужь Къардэн ... **8**. Хадэхэкl. **9**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **10**. Жэщу дзыгъуэм ещакIуэ къуалэбзуушхуэ. **11**. Хьэкъущыкъу. **13**. НэгъуэщIым хуэптIмэ, абы уихуэжынкIэ мэхъу. **16**. ЗэфIэнаитIым я зым адрейм иредз: «Уи ... къысщыхуэ». **17**. Iэщ зезыхуэм, къуажэдэсым и Iэмэпсымэ. **18**. А къэкIыгъэм кIапсэ къыхащIыкI. **21**. Уэшх къемышхыу зэман кIыхь щыдих лъэхъэнэ. **22**. Щхьэж и ... и бжэн лъакъуэу щIалэхэр зэбгрыкIыжащ. **23**. Зи пкъыр лантIэ, гъэгъа хужь Iэрамэхэр къызыпыкIэ жыг. **26**. ПIалъэкIэ гъунэгъум къыIах хьэпшып е Iэмэпсымэ. **27**. Акъылыр щагуэшым абы Iэджэ дэсащ, заумысыжыну хуейкъым ахъумэ. **29**. ... зэуар аркъэным щоцтэ. **30**. Псы е гъэш зракIэ кумбыгъэ. **32**. Урысей Федерацэм хиубыдэ республикэ нэхъ щIалэ дыдэр. **34**. ЦIыху къарууфIэ. Е щыхь ин лъэпкъ. **35**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **36**. ... тесу псым йопыдж. **37**. ... Iэзэу щытахэщ Сыжажэ Къылъшыкъуэ, Агънокъуэ Лашэ сымэ. **38**. Ин, зэрамыщIэж гуэр. Е мывэ...

***Къехыу:*** **1**. ЦIыху хьэлэл. **2**. Адыгэ тхакIуэ Къашыргъэ ... **3**. ... уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иIэкъым. **4**. ЗауэлI хахуэм хэкум и ... лъапIэ кърагащ. **5**. Чыцэм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь цIыкIу, шейхэдзэ. **7**. И ныбжьым емылъытауэ щIалэ Iущ цIыкIу. **12**. УимыIуэху зепхуэмэ, уи щхьэм къытехуэнкIэ хъунущ. **14**. ... къутахуэ гъуэгум телъщ. **15**. ... пэт, зэрыхьам зыгуэр къренэ. **19**. ДжэдыкIэ ... **20**. ПхъащIэ Iэмэпсымэ. **24**. Адыгэ бзылъхугъэ уэрэджыIакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ. **25**. Нартхэм я бэнэкIэ лIэужыгъуэ. **27**. Зи тхьэкIумэм зэхимых цIыху. **28**. Джэду ... е дыгъужь ... **30**. Тэрч щIыналъэм колхоз тхьэмадэу щылэжьа, Социалист ЛэжьыгъэмрэI и ЛIыхъужь. **31**. УимыIыхьлы, уимыблагъэ, уи гуауэри уи гуапэри къыбдэзыгуэш, укъэзыгъэпэж цIыху. **32**. Чыцэм къыпыкIэ пхъэщхьэмыщхьэ ткIыбжь гъуэжь цIыкIу. **33**. Меларды миным хуэбгуэшмэ, дапщэ къыщIэкIрэ?

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**



***Жэпуэгъуэм и 10-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Хьэдрыхэ. **7**. «Бавария». **10**. Хъуп. **11**. Акъ. **12**. Гъудэ. **13**. Хьэлъкъ. **15**. Уагъэ. **19**. Уаз. **20**. Бэзэр. **21**. Бэдж. **22**. Акъыл. **24**. Дакъэ. **27**. ХущIэ. **30**. Яе. **33**. Шу. **34**. Каримов. **35**. Адэшыпхъу.
***Къехыу:*** **1**. ХьэIупэ. **2**. Аргъынэ. **3**. Мамхэгъ. **4**. Ширак. **6**. Хей. **8**. Алъп. **9**. Дыд. **14**. Къабыл. **15**. Уэрэд. **16**. Ауз. **17**. Бзу. **18**. Гъуджэ. **23**. Къамбий. **25**. Къамышы. **26**. Медан. **28**. ЩIэп. **29**. Пшапэ. **31**. Бжьо. **32**. Нэд.

• Дерсхэр

## Гугъэ яхилъхьащ

ЗЫ ПЩЫХЬЭЩХЬЭ гуэрым къуэм и анэр рестораным ишащ. Анэм и ныбжьыр хэкIуэтат, и Iэхэр кIэзыз хъуати, ишххэм щыщ кIэригъэщэщырт. ШхапIэм щIэсхэм мыарэзыщэу къыхуеплъэкIхэри яхэтт зэанэзэкъуэм. Ауэ къуэм и щхьэр Iэтауэ и анэм бгъэдэст, цIыхубзым и бостейм тригъэщащэIамэ, илъэщIыжу.

Шхэн яуха нэужь, зэанэзэкъуэм зытхьэщIыпIэмкIэ яунэтIри, анэм и Iэхэр иригъэтхьэщIыжащ, и щхьэцыр хурилъэщIэкIщ, и нэгъуджэр захуэу хуIуигъэтIысхьэжри ежьэжахэщ.

Рестораным щIэсу хъуар щыму еплъырт а пщыхьэщхьэм шхакIуэ къэкIуаитIым. Къуэм иужь зыкърригъанэри, ахъшэр иритауэ щыщIэкIыжым, зы цIыхухъу къэпсэлъащ:

- Зыгуэр къыщIэбнауэ къыпщыхъуркъэ мы шхапIэм?

- Зыри къэзгъэна хуэдэкъым, зиусхьэн...

- Къэбгъэнащ, - жиIащ лIым. - Мыбы къуэуэ щIэсым дерс къахуэбгъанэри, анэу щыIэм гугъэ яхэплъхьащ!

**ШЫБЗЫХЪУЭ Нащхъуэ.**

• ГушыIэ

## Мис апхуэдэщ махуэ къэси

Журт гуэрым хъарбыз ищэрт, зыр сомищ и уасэу. Зы махуэ гуэрым къытритхащ: «Зы хъарбызыр сомищ и уасэщ, ауэ хъарбызищыр тумэнкIэ фэстынущ»!

Ар зылъагъухэм ягъэщIагъуэрт, «журтым и бзаджагъыр», - жаIэурэ яхуэухыртэкъым. «Сэ абы хуэфI сыхъункъэ», - жыхуиIэу зы щIалэ иужь ихьащ.

Зэ Iухьэри, зы хъарбыз къищэхуащ, етIуанэу Iухьэри, аргуэру зы къищтащ, ещанэу Iухьэри, иужьрейр къищэхуащ.

ЩIалэр гуфIэжу бгъэдохьэ журтми жреIэ:

- Мис нобэ уи деж хъарбызищ къыщысщэхуати, соми 9 ихьауэ аращ, уэ хъарбызищыр тумэнкIэ къыдэпщэну иужь уитщ.

- Мис апхуэдэщ махуэ къэси, зы хъарбыз фIэкIа хуэмейми, махуэм хуэзэу хъарбызищ къащэхури, итIанэ сэ сату щIыкIэ сагъасэ.

• Шхыныгъуэ

## Къазыл, бабыщыл щIымахуэ шхыну зэрагъэхьэзырыр

Мы ерыскъыр бжьыхьэм ящIырти гъатхэр къиихьэху яшхыу щытащ. Къаз е бабыщ гъэкъэбзар Iыхьэ цIыкIуурэ, г 50 - 60 и хьэлъагъыурэ, зэпауд, псы щIыIэкIэ ятхьэщI, шынакъым иралъхьэри, шыгъу хагъэщащэ, зэIащIэри, а шыгъур хыхьэн щхьэкIэ, и щхьэр тепIауэ сыхьэткIэ щIыIапIэм ягъэув. ИтIанэ лы шыуар шыбзэм иралъхьэри, ягъэжэпхъ. Былымыщэ гъэвэжа шыуаным иралъхьэ, хьэкум трагъэувэри, къагъэплъ, абы лы шыуар халъхьэри, зэIащIэурэ ныкъуэжьэфI хъуху трагъэт. КъыкIэлъыкIуэу шыбжий сыр хьэжар хакIутэри, зэIащIэурэ тхъуэплъ хъуху ягъажьэ. Лы жьар къытрахыж, тIэкIу ягъэупщIыIури, кхъуэщын лъэщIабгъуэм иралъхьэ, зэрагъэжьа дагъэри щIакIэж. Лыр дагъэм щIигъанэу щытын хуейщ. И щхьэр тепIауэ ар щIыIапIэм щагъэув. Щыхуейм деж зыхуейм хуэдиз къыхахри, шыуанкIэ е тебэкIэ ягъэхуэбэж. ЩагъэхуэбэжкIэ бжьын е кIэртIоф щIалъхьэу ягъэжьэж хъунущ.

**Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ)**:
Къазылу е бабыщылу - г 1000
Былымыщэ гъэвэжауэ - г 500
Шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**КЪУБАТИЙ Борис.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд
Редколлегием хэтхэр
**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщIэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм -42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору ЖьэкIэмыхъу Маринэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ *(1, 2, 4-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(3, 5, 6-нэ нап.)*. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, БищIо Оксанэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 • Тираж 3.167 • Заказ №1729